

LKPD

LEMBAR KERJA PESERTA DIDIK

Sinau Sesorah



NAMA KELOMPOK

ANGGOTA :

- 1.
- 2.
- 3.
- 4.



TUGAS

Indikator : Peserta didik dapat menuangkan gagasan dalam sesorah secara lisan dengan baik

Tujuan : Peserta didik dapat mengidentifikasi bagian teks sesorah



Petunjuk

1. Bacalah Teks Sesorah Random yang dibagikan
2. Tulis pada sebuah kertas warna
3. Susun sesuai dengan kaidah sesorah



Waktu Pengerjaan
5 menit



Mangga
dipun garap

Assalamu'alaikum, Wr. Wb.
Nuwun.

Dhumateng Bapak Kepala Sekolah ingkang winantu ing pakurmatan. Bapak ibu guru ingkang kula urmati. Ingkang winantu ing pakurmatan bapak ibu staf karyawan karyawati, dalasan kanca-kanca siswa siswi ingkang winantu ing kabagyan.

Puji syukur konjuk ngarsanipun Gusti Ingkang Maha Agung, ingkang sampun kepareng paring rohmad dhateng panjenengan lan kula, satemah saged pinanggih ing papan mriki kanthi wilujeng. Mugi kasarasan, kawilujengan, miwah kabahagyan katumrapan dhumateng panjenengan dalasan kula.

Ing kalodhangan punika kangge mahargya dinten BEBAS NARKOBA, kula ngajak dhateng para tamu, mliginipun kanca-kanca siswa siswi, mangga sesarengan sami nyuksesaken program pamarentah ingkang gadhah pangajab BEBAS NARKOBA TAHUN 2013. Awit saking kathahing kedadosan ingkang sampun kaetang, sampun makaping-kaping korban-korban ingkang ngginakaken narkoba tansaya mindhak. Langkung-langkung saking gunggung jiwa ingkang sampun kacathet, 80 % korban punika saking para mudha. Pramila wonten andharan punika, sekedhik badhe kula aturaken sesambetan kaliyan pirembaran ing ngajeng.

Menawi dipungatosaken saking kedadosan ingkang sampun kelampahan, miturut saking kasunyatan ingkang cetha, kanca-kanca ingkang ngginakaken narkoba punika wiwitanipun namung nyobi-nyobi. Mirsani kanca ingkang ngginakaken punika sajak remen kawontenanipun. Kabithung saking kawontenan kanca ingkang makaten, lajeng boten kiyat imanipun, mlajengipun ketut tumindak kados ngaten.

Kajawi saking punika, kanca-kanca ingkang ngginakaken narkoba punika kajawi kaglituk dening lingkungan, wingkingipun ugi kathah ingkang saking kluwarga ingkang risak. Awit salebetipun kluwarga boten wonten raos njagi setunggal tumrap setunggalipun. Sedaya anggota kluwarga namung nuruti hardaning kanepson, namung nggaliaken karemanipun kiyambak. Antawisipun tiyang sepuh kaliyan putra boten wonten raos tresna lan asihipun.

Bapak ibu ingkang kula urmati, dalasan kanca-kanca ingkang winantu ing kabahagyan. Kajawi saking kados perangan ing nginggil. Lare ingkang kados mekaten punika wingkingipun ugi kathah ingkang saking kluwarga ingkang cekap, langkung-langkung saking kluwarga ingkang tirah. Tiyang punika menawi gadhah arto tirah umumipun bingung anggenipun ngecakaken. Pramila lajeng mlajar dhateng tumindak ingkang boten sae.

Pramila saking punika panjenengan lan kula kedah saged nebihi tumindak awon ingkang kados mekaten. Mliginipun tumrap kanca-kanca siswa siswi sedayanipun, lare ingkang sampun kecanduan narkoba punika mesthi risak nalaripun. Titikanipun sedaya ingkang dipuntindakaken tansah sulaya. Gampil kesenggol raosipun, nganggip tiyang sanes punika mengsahipun. Boten purun manunggal kaliyan kanca sanesipun. Sampun ketinggal nglokro, gampil kesel, gampil sakit, tansah uring-uringan, lan sapanunggalanipun. Malah ingkang sampun mlebet tataran kecanduan, rumaos remen menawi saged milara dhateng dhiri pribadinipun piyambak.

Ngengeti kawontenan ingkang kados mekaten, menapa boten miris menawi dipunraosaken. Ningali kemawon sajak boten mentala. Pramila mangga nebihi tumindak ingkang ngginakaken narkoba jinis punapa kemawon. Awit menapa kemawon wujudipun narkoba punika boten prayogi tumrap dhiri pribadi. Ingkang saged ngendhaleni sedayanipun punika kawiwitan dhiri pribadinipun kiyambak. Langkung prayogi ingkang dereng kening narkoba, ampun ngantos nyobi-nyobi ngangge. Ingkang sampun kelajeng, saged nebihi kanthi ngginakaken cara :

- 1) Tansah eling dhumateng Gusti Ingkang Maha Agung.
- 2) Mungkasi sedaya tumindak ingkang ngosumsi narkoba.
- 3) Menawi boten saged ngendhaleni kiyambakan, saged pasrah dhateng dokter, supados mangke saged dipundandosi.
- 4) Tumrapipun kluwarga kedah saged maringi penyengkuyung ingkang awujud materi punapa dene spiritual.

Kanthi nindakaken cara ingkang saged mekaten, mugi-mugi saged minangka satunggaling pambudidaya kangge nebihi sarta ngusadani lare ingkang kening narkoba.

Pramila kula ngemutaken dhateng dhiri pribadi kula kiyambak, lan dhumateng kanca-kanca, ampun ngantos dados satunggaling pengguna narkoba, awit narkoba punika pancen ngrisak panjangka lan sedaya kekajengan ingkang badhe dipungayuh.

Bapak ibu ingkang kula urmati, dalasan kanca-kanca siswa-siswi ingkang winantu ing suka basuki. Cekap semanten atur kula. Sakathahing atur, kula nglenggana kathah kekirangan kula, pramila sedaya kekirangan kala wau nyuwun pangapunten.

Nuwun.

Wasalamu'alaikum, Wr. Wb.

Salam Pembuka

Isi

Panutup

Salam Panutup

Pembuka

Panyaruwe